



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÒ YO KONTINYE FÈ POU SIPÒTE  
REKIPERASYON PÒTORIKO APRE PASAJ OURAGAN IRMA AK MARIA**

**Manm Komisyon Komemorativ la pral Solisite Ide pou Konsepsyon ak  
Enstalasyon Momiman an epi Fè Rekòmandasyon bay Gouvènè**

**Plis Pase 346 Etidyan SUNY ak CUNY pral Deplwaye al Pòtoriko pandan 10  
Semèn Ete Sa k ap Vini la**

**Dezyèm Ane Pwogram Sèvis Volontè SUNY ak CUNY an Voye 500 Etidyan Ototal  
an 2019 pou Ede Repare Kay ki te Sibi Domaj yo**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse efò yo kontinye fè pou sipòte rekiperasyon Pòtoriko apre pasaj Ouragan Irma ak Maria, ki gen ladan manm nouvo Komisyon Komemorativ Ouragan Maria (Hurricane Maria Memorial Commission) ak dènye deplwaman etidyan SUNY ak CUNY yo al Pòtoriko ki pral kontinye misyon pou ede zile a rekipere apre enpak devastatè sezon ouragan ane 2017 la.

"Byenke gouvènman federal la te bliye yon fè enpòtan, ki se Pòtoriken yo se sitwayen Ameriken, Eta New York te di depi premye jou a ke n ap kanpe ak Pòtoriko pandan chak etap nan pwosesis rekiperasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Toujou rete travay pou nou fè se sa k fè nou ap pote yon lòt 300 etidyan inivèsite ki soti nan SUNY ak CUNY desann anba pandan ete sa k ap vini la pou ede nan kad efò rekonstriksyon yo, epi m pral desann ankò pou m travay ak etidyan sa yo. Nou ap tabli tou yon Komisyon ki pral komemore Ouragan Maria a ak viktim li yo. Epi an Septanm k ap vini la, nou pral anonse konsepsyon ki genyen pou moniman komemoratif sa a epi ki kote li pral ye nan Battery Park City."

"Sitwayen konpatriyòt nou yo nan Pòtoriko toujou ap travay chak jou pou yo rekipere apre devastasyon ki te touye anpil moun epi ki te chanje lavi sou zile a pou toutan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kontrèman ak gouvènman federal la, New York te rete kòtakòt ak pèp Pòtoriko a depi lè ouragan te frape a, kote nou ap ede nan efò rekiperasyon an nan tout fason posib. Dènye deplwaman volontè SUNY ak CUNY yo ak Komisyon Komemorativ la pral kontinye travay nou ap fè pou n ede avèk rekonstriksyon an epi sonje lavi ki te pèdi yo."

Komisyon Komemorativ la, ke yo te tabli daprè Dekrè Egzekitif No. 189 la pral solisite ide epi bay rekòmandasyon mwa septanm k ap vini la sou etablisman yon nouvo moniman komemoratif pou onore viktim ak sivivan Ouragan Maria a yo ak rezistans kominote Pòtoriken an. Yo estime gen prèske 3,000 Pòtoriken ki te pèdi lavi yo akòz tanpèt devastatè a. Komisyon Komemorativ la pral kòmanse travay li imedyatman pou

yo bay Gouvènè a rekòmandasyon konsènan sit, konsepsyon, ak enstalasyon moniman komemoratif la. Eta a te idantifye sis lokalite potansyèl pou moniman komemoratif la nan Battery Park City:

- **Pou Panorama l bay sou Chambers Street:** Sit sa ki sitiye nan pwent nò a jis a lwès lekòl segondè Stuyvesant High School la, nan pwent ki pi elve nan Battery Park City.
- **Belvedere Plaza:** Sit sa a chita nan kwen elve onòdwès North Cove Marina.
- **Esplanade Plaza:** Sit sa a chita nan kwen sidwès North Cove Marina.
- **Zòn Onò South Cove:** Sit sa a chita nan kwen nòdwès South Cove Park.
- **Zòn Osid South Cove:** Sit sa a chita nan kwen sidwès South Cove Park.
- **Zòn Osid Wagner Park:** Sit sa a chita sou kwen nòdwès Wagner Park touprè Mize Eritaj Jwif la (Museum of Jewish Heritage).

Komisyon an pral gen dis manm ladan ke Gouvènè a nonmen, epi koprezidan inisyativ New York Kanpe ak Pòtoriko a (New York Stands with Puerto Rico), Manm Asanble Marcos Crespo, Manm Kongrè Nydia Velázquez, ak Manm Kongrè José E. Serrano; Sekretè Deta Rossana Rosado; ak Konseye Jiridik Gouvènè a Alphonso David pral sipèvize ak kowòdone komisyon an. Manm komisyon yo gen ladan:

- Edwin Meléndez, Direktè, Sant pou Etid Pòtoriken yo, nan Hunter College la
- Havidán Rodríguez, Prezidan, University at Albany
- Elizabeth Velez, Prezidan, The Velez Organization, Rezidan Battery Park City
- Brenda Torres, Direktris Egzekitiv, Kòporasyon pou Konsèvasyon Anbouchi San Juan Bay a (Corporation for the Conservation of the San Juan Bay Estuary)
- Dennis Rivera, Ansyen Prezidan, 1199/SEIU
- Teresa A. Santiago, Prezidan, Comité Noviembre a
- Santos Rodriguez, Direktè Zafè Kominotè ak Inisyativ Estratejik yo, Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York la (Building and Construction Trades Council of Greater New York)
- Hilda Rosario Escher, ansyen Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral, Ibero American Action League
- Tonio Burgos, Direktè Egzekitif Jeneral, Tonio Burgos & Associates
- Casimiro D. Rodriguez, Sr., Prezidan Hispanic Heritage Council of Western New York Inc.,

Gouvènè a te anonse tou premye deplwaman dete etidyan SUNY ak CUNY yo nan kad efò agrandi yo deplwaye pou dezyèm ane inisyativ New York Kanpe ak Pòtoriko li a. Gouvènè a te deja deplwaye 154 etidyan pandan vakans ivè ak prentan yo pou yo kontinye rekonstwi kay dega ouragan Irma ak Maria te andomaje yo.

Pou yon peryòd 10 semèn pandan ete sa a k ap vini la, plis pase 346 etidyan pral deplwaye al Pòtoriko, pou yo akonpli angajman Gouvènè Cuomo pran pou l voye 500 etidyan volontè an 2019. Volontè yo pral travay ak òganizasyon rekonstriksyon san bi likratif yo ki se All Hands and Hearts, Heart 9/11, ak NECHAMA pou yo netwaye,

restore, epi rekonstwi kay yo. Yo pral deplwaye etidyan yo pou peryòd de semèn alafwa epi yo ap resevwa inite valè pou sa.

**Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Angajman New York pran anvè Pòtoriko a se yon angajman inebranlab. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap anbake nan pwochèn faz la pou nou ede vwazen nou yo rekonstwi ak rekipere yo. Komisyon komemorativ la ap plis ranfòse patenarya nou an epi montre rès mond lan ke nou ap toujou kanpe ak Pòtoriko".

**Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare,** "Deplwamam anpil santèn etidyan pou yo kontinye ede pèp Pòtoriko a nan kad efò rekonstriksyon y ap fè yo se nwayo prensip SUNY yo ak angajman nou pran anvè kominote a ak ede sila ki nan bezwen yo. Mwen pwofondman fyè de volonte chak etidyan pou yo reponn a apèl pou bay tan yo kòm volonte nenpòt kote ak nenpòt lè moun bezwen èd. Nou pral kontinye kanpe ak Pòtoriko ak Gouvènè a nan kad efò pou restore ak rekonstwi kay yo pou sitwayen konpatriyòt nou yo. Mèsi Gouvènè Cuomo paske w kontinye montre lidèchip epi mèsi a tout patnè nou yo ki sou tèren an k ap travay chak jou pou rann lavi miyò pou pèp Pòtoriko a".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Antanke yon moun ki te fèt epi grandi nan Pòtoriko epi ki gen yon koneksyon pèsònèl ak zile a ak rezidan li yo, sa tèlman siyifi anpil pou m wè Gouvènè Cuomo a rete angaje pou l soutni efò sekou yo la ba. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ansanm ak òganizasyon sekou yo — All Hands and Hearts, Heart 9/11, ak NECHAMA — pou sipò yo kontinye ban nou. Mwen fyè tou de divèsite gwoup etidyan CUNY yo ki pral fè vwayaj la; anpil ladan yo gen koneksyon ak zile a, epi kèk nan yo se sivivan katastwòf natirèl ki soti nan peyi tankou Ayiti, Nepal ak Bangladesh. Etidyan sa yo pral apresye enpak lavi reyèl ak efè sèvis piblik yo ak aprantisaj sèvis yo pandan anpil tan. Pa gen okenn moun ki travay pi di pase yon etidyan CUNY. Kominote CUNY an pral toujou kanpe ak pèp Pòtoriko a".

**Manm Kongrè Nydia Velázquez, ki se Ko-Prezidan Komite Rekiperasyon ak Rekonstwiksyon New York Kanpe ak Pòtoriko a, te deklare,** "Malgre aksyon gouvènman federal la nan efò pou ede pèp Pòtoriko a, New York ap trase yon egzanp pou rès nasyon an swiv epi montre fason nasyon nou an dwe reponn lè konpatriyòt Ameriken nou yo ap souffri. Etidyan volonte sa yo pral gen yon gwo enpak sou lavi anpil moun ak fanmi nan Pòtoriko epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò li kontinye fè pou sipòte frè ak sè nou yo ki nan Pòtoriko".

**Manm Asanble Marcos A. Crespo, ki se Ko-Prezidan Komite Rekiperasyon ak Rekonstwiksyon New York Kanpe ak Pòtoriko a, te deklare,** "Aprè Ouragan Irma ak Maria te devaste Pòtoriko, Eta New York te fè yon pwomès pou nou ede konpatriyòt nou yo epi rekonstwi zile a. Gouvènè Cuomo ap respekte pwomès sa a avèk yon lòt deplwaman etidyan volonte ankò ki pral ede anpil fanmi ki te pèdi kay yo lè pasaj Ouragan an. Rès nasyon an dwe pran nòt pandan Gouvènè Cuomo ap montre lidèchip nou bezwen byenke gouvènman federal la kontinye rete silans".

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Rejyon Metwopolitèn New York la, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè pati inisyativ New York Kanpe ak Pòtoriko a, kote yo te deplwaye plis pase 200 manm Metye Konstriksyon sendikalize nan kad efò

rekonstriksyon yo. San lidèchip ak vizyon Gouvènè Cuomo, okenn nan sa pa t ap posib epi anpil santèn rezidan Pòtoriken pa t ap gen yon twati sou tèt yo".

### **Inisyativ New York Kanpe ak Pòtoriko a**

[Gouvènè Cuomo te anonse agrandisman inisyativ sa a](#) an Septanm 2018, avèk yon angajman li pran pou l kontinye voye etidyan SUNY ak CUNY pou yo al ede nan kad efò rekiperasyon yo.

Pandan premye ane inisyativ la, Gouvènè a te deplwaye plis pase 650 etidyan SUNY ak CUNY, ansanm ak volontè kalifye pou al ede kominote yo ki kontinye ap chache rekipere yo apre pasaj Ouragan Maria ak Irma prèske yon ane apre ouragan yo te ateri. Pandan dire senk deplwaman yo, volontè yo te pase prèske 41,000 èdtan ap netwaye, restore, ak rekonstwi kay. Yo te rive te depase objektif pou renove 150 kay la lontan, kote yo te restore 178 kay ototal pandan 10 semèn.

### **SUNY ak CUNY Akòde Menm Frè Eskolè ak Rezidan Eta a yo**

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, konsèy administrasyon SUNY ak CUNY yo te adopte rezolasyon an otòn 2017 k ap otorize kanpis yo ofri etidyan ki soti Pòtoriko yo ak Zile Vyèj Ameriken yo ke Ouragan Maria ak Irma te afekte yo kapasite pou yo peye pou frè eskolè nan menm to ak rezidan eta yo pou ane akademik 2017-2018 la. Toude sistèm yo te renouvle sibvansyon pou menm frè eskolè ak rezidan eta a yo pou ane akademik 2018-2019 la.

### **Efò Eta New York ap Kontinye Fè pou Sipòte Pòtoriko**

Depi lè Ouragan Maria te ateri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko senk fwa epi li te kontinyèlman mande pou voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ki te finalman distribye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don atravè eta a yo. Eta New York la te deplwaye plis pase 1,000 pèsonèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik ak espesyalis pou ede avèk retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Sou lidèchip Gouvènè, Eta New York te dedye anviwon 13 milyon dola pou sipòte plis pase 11,000 viktim Ouragan Maria ki te deplase yo ki ap viv nan New York. Nan kad angajman an, yon investisman inisyalyal 2 milyon dola a pral ale jwenn òganizasyon k ap fè patenarya yo k ap konekte Pòtoriken ki vilnerab yo ak sèvis ki nesèsè yo tankou anplwa, lojman, oryantasyon pou avantaj yo ak swen sante. Gouvènè Cuomo te pran angajman jiska 11 milyon dola tou nan finansman lojman ak mendèv pou pòtoriken ki deplase yo: yon pwogram 1 milyon dola pou ofri sèvis jesyon ka solid pou pòtoriken ki deplase yo, ak jiska 10 milyon dola nan fòmasyon ak plasman pwofesyonèl.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon Kongrasyonèl New York la (New York Congressional Delegation) kontinye ap defann Pòtoriko pou li kapab resevwa èd federal li bezwen an. An 2017, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Pòtoriko a, Ricardo Rosselló, ansanm ak manm Delegasyon Kongrasyonèl New York la, te pibliye yon Rapò sou Evalyasyon pou Rekonstwi Pi Byen (Build Back Better Assessment Report). Rapò a te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt sektè toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak

entèvansyon premye sekouris yo, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesesè a se 94.4 milya dola.

An Septanm 2018, alokasyon anivèsè yon ane depi pasaj Ouragan Maria, Gouvènè Cuomo te siyen yon Dekrè Egzekitif ki te kreye yon nouvo Komisyon Komemorativ Ouragan Maria pou bay rekòmandasyon sou etablisman yon nouvo moniman komemoratif pou onore viktim ak sivivan Ouragan Maria yo ak rezistans kominote Pòtoriken an. Anplis de sa, an Oktòb 2018, Gouvènè Cuomo te mande FEMA pou yo repare jeneratris pou kominote yo ki nan Pòtoriko.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, tanpri vizite [pajwèb](#) Efò Sekou ak Retablisman Empire State pou Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn Gouvènè a te mete sou pye a.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)